

ENFÒMASYON ENPÒTAN

KONSÈNAN APÈL OU AP FÈ SOU DESIZYON KE SEKSYON PWOTEKSYON REFIJIYE (SPR/RPD) TE PRAN POU L REJTE DEMANN OU AN

Kòman pou w fè yon bonjan apèl

Nan mwens ke 15 jou apre ou fin resevwa lèt ki bay rezon ki fè SPR/RPD pran desizyon an,

- Ou dwe ranpli yon Fòm Apèl. W ap jwenn yon kopi Fòm sa a nan dosye ki rele Dosye Moun kap fè Apèl.
- Ou dwe bay 3 kopi Fòm Apèl ou a nan Biwo Seksyon Apèl pou Refijye (SAR) Refugee Appeal Division (RAD) / Section d'appel des réfugiés (SAR).
- Nan Fòm Apèl la ou dwe mete chak moun kap fè apèl la ak ou OSNON ou dwe bay SAR/RAD yon fòm pou chak moun kap fè apèl sou desizyon an.

Nan mwens ke 30 jou aprè ou fin resevwa lèt ki eksplike desizyon SPR/RPD a :

- Ou dwe ranpli yon Dosye pou Moun kap fè Apèl.
- Ou dwe remèt SAR/RAD de (2) kopi Dosye Apèl ou a.
- Dokiman ak enfòmasyon ki dwe nan Dosye Moun kap fè Apèl la, w ap jwenn yo nan *Gid pou Moun kap fè Apèl (Guide de l'appelant/Appellant's Guide)* :
<http://www.irb-cisr.gc.ca/Fra/RefApp/Pages/RefAppKitTro.aspx> OSNON
<http://www.irb-cisr.gc.ca/Eng/RefApp/Pages/RefAppKitTro.aspx>

Pa blyie : Si w depoze yon Avi d Apèl, apre dat limit pou w depoze Dosye d Appèl la, gen chans pou apèl ou a rejte.

Dokiman pou mande plis tan pou ranpli Fòm Apèl :

Plis tan pou ranpli Fòm Apèl la ak Dosye moun kap fè apèl la.

Si w pa kapab ranpli Fòm Apèl la ak Dosye moun kap fè apèl laatan, ou dwe fè yon demann nan SAR/RAD pou w mande plis tan. Nan demann sa a, ou dwe bay rezon ki fè ou an reta a. Demann plis tan sa a dwe fèt selon atik 6 ak 37 *Règleman SAR/RAD* la. Ansanm ak demann sa a ou dwe bay 3 kopi Fòm Apèl la ou a ansanm ak 2 kopi Dosye demann apèl ou a. Ou bezwen tou prezante yon papye ki fèt devan notè pou kore deklarasyon ou an.

Plis tan pou w ranpli dosye moun k ap fè apèl la

Si w ranpli Fòm pèl la atan men ou pagen tan fè dosye Demann apèl la, ou dwe voye yon demann pou plis tan bay SAR/RAD a. Nan demann sa a, ou dwe bay rezon ki fè ou an reta a. Demann plis tan sa a dwe fèt selon atik 6 ak 37 *Règleman SAR/RAD*. Ansanm ak demann ou a, ou dwe bay de (2) kopi Dosye apèl ou a. Ou bezwen tou prezante yon papye ki fèt devan notè pou kore deklarasyon ou an.

Ki kote pou w voye dokiman apèl ou yo

Ou dwe bay dokiman ou yo nan Biwo SAR/RAD a ki nan menm rejyon ak Biwo SPR/RPD ki te fè w konnen desizyon an.

Konseye

Ou ka vle gen yon konseye ki pou ede w ak apèl la. Si konseye sa a mande w yon frè osnon ap resevwa lòt pèman, li dwe yon bonjan manm yon asosyasyon moun kap travay nan zafè lalwa nan yon pwovens okanada (asosyasyon avoka, osnon moun kap travay nan lalwa), li kapab manm Asosyasyon Notè Kebèk (Chambre des notaires du Québec), osnon li kapab manm Konsèy konsiltan nan zafè imigrasyon Kanada (Immigration Consultants of Canada Regulatory Council / Conseil de réglementation des consultants en immigration du Canada). Si konseye w la pap mande w lajan, ou dwe ranpli yon fòm ki rele Fòm reprezantan ki pa touche ni ki pa resevwa okenn lòt lajan (Notice of Representation Without a Fee or Other Consideration / Avis – représentant non rémunéré ni autrement rétribué) e bay li san pèdi tan a Minis la ansanm ak SAR/RAD la. Wap jwenn fòm sa sou sitewèb CISR/IRB a (ke w ap jwenn pi lwen).

Si w gen yon konseye, se responsabilite pa w pou fè konseye sa a respekte delè yo.

Lang

Ou ka jwenn Fòm demann apèl la nan youn nan lang ofisyèl Kanada yo (Anglè osnon Fransè) selon sa ke ou chwazi, e ou kapab ranpli l nan menm lang lan tou. Nenpòt dokiman ki fèt nan yon lòt lang dwe mache ak yon tradiksyon an anglè osnon an fransè. Tradiktè a dwe siyen ke tradiksyon an kòrèk.

Gid pou moun kap fè apèl yo (ke w ka jenn sou sitwèb CISR/IRB) bay plis enfòmasyon sou kesyon chwazi ant angle ak franse e sou kesyon pou w ta mande yon entèprèt si sa ta nesesè pou gen yon odyans nan kad apèl ou a.

Li posib pou yo pataje enfòmasyon w yo ak lòt òganizasyon

Enfòmasyon pèsònèl ke ou bay pandan apèl la yo mande yo sou baz Lwa imigrasyon ak pwoteksyon refijye (*Immigration and Refugee Protection Act / Loi sur l'immigration et la protection des réfugiés*) nan bi pou yo ka deside sou apèl ou a devan SAR/RAD a. Li posib pou yo pataje enfòmasyon w yo ak lòt òganizasyon tankou Ajans sèvis fwontyè Kanada (Canada Border Services Agency / Agence des services frontaliers du Canada), Sitwayènte ak imigrasyon Kanada (Citizenship and Immigration Canada / Citoyenneté et Immigration Canada), Sèvis ransèyman ak sekirite Kanada (Canadian Security Intelligence Service / Service canadien du renseignement de sécurité) ansanm ak lòt ajans ki la pou fè respekte lalwa, tou sa nan kad aplikasyon ak administrasyon *Lwa imigrasyon ak pwoteksyon refijye*.

Wa jwenn plis enfòmasyon ak vèsyon elektronik Kit *pou moun kap fè apèl yo* ou sit wèb sa:

<http://www.irb-cisr.gc.ca/Fra/RefApp/Pages/RefAppKitTro.aspx> OSNON

<http://www.irb-cisr.gc.ca/Eng/RefApp/Pages/RefAppKitTro.aspx>.

ENFÒMASYON SOU BIWO KONTAK SEKSYON APÈL POU REFIJYE A

Rejon Lè

MONTRÉAL

Bureau de l'immigration
et du statut de refugié
SAR/RAD

Complexe Guy-Favreau
200, boulevard René-Lévesque Ouest
Tour Est, bureau 102
Montréal (Québec) H2Z 1X4
Telefòn: 514-283-7733
oubyen 1-866-626-8719
Faks: 514-496-6629

Rejon santral

**Immigration and Refugee Board RAD
Registry**

TORONTO

74 Victoria Street, Suite 400
Toronto, Ontario M5C 3C7
Telefòn: 416-954-1000
oubyen 1-866-790-0581
Faks: 416-954-1511

Reyon Lwès

**Immigration and Refugee
Board RAD Registry**

VANCOUVER

300 West Georgia Street, Suite 1600
Vancouver, British Columbia V6B 6C9
Telefòn: 604-666-5946
oubyen 1-866-787-7472
Faks: 604-666-9870